# ИЗИМБЕТ ЖЫРАЎ ПИРАЛИЕВ (1880-1940)

**Саламат Аяпов** – *доцент*
Jiraw_s@mail.ru
*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети*

# ИЗИМБЕТ ЖИРАУ ПИРАЛИЕВ

**Саламат Аяпов** – *доцент*
*Каракалпакский государственный университет имени Бердаха*

# IZIMBET ZHYRAU PIRALIEV

**Salamat Ayapov** – *associate professor*
*Berdakh Karakalpak State University*

**Таянч сўзлар**: қўбиз, жиров, бахши, достон, мусиқа.

**Резюме**. XIX асрнинг охири XX аср бошларида Қорақалпоғистоннинг жанубий туманларида яшаб, қорақалпоқ жиров санъати тарихига сезиларли даражада ҳисса қўшган атоқли жировлардан бири Изимбет жиров бўлиб, унинг ҳаёти ва ижоди, фарзанлари ва навиралари ҳақида мазкур мақолада олдин ҳеч бир манбаларда учрамаган маълумот келтирилган.

**Ключевие слова**: кобыз, жиров, бахши, эпос, музыка.

**Резюме**. Изимбет жыраў, один из известных жырау, живший в конце XIX – начале XX века в южных районах Каракалпакстана и внесший значительный вклад в историю каракалпакского жыраўского искусства, – его жизнь и творчество, а также информация о его детях и внуках, ранее не встречавшаяся ни в одном источнике, представлена в данной статье.

**Key words**: kobyz, jirov, bakhshi, dastan, music.

**Summary.** One of the most famous jiraw (traditional Karakalpak storytellers and musicians) was Izymbet jiraw, who lived in the southern regions of Karakalpakstan in the late 19th and early 20th centuries and made a significant contribution to the history of Karakalpak jiraw art. This article presents information about his life and work, his children and grandchildren, which has not been found in any other sources before.

Изимбет жыраў XIX әсирдиң шама менен 80-жыллары туўылған болып, Қарақалпақстанның арқа районларының бири болған Қараөзек районының бурынғы Калинин атындағы совхоздың аймағында жасап өткен. Изимбет Қарақалпақтың Қарамойын руўынан болып, әкесиниң аты Пиралий деген киси болған. Изимбет жыраў 1940-жыллары қайтыс болған ҳәм Қараөзек районы, Калинин совхозы, Атанай аўылы, Шытлы деген әўлиеге



жерленген.

Изимбет жыраўдың өмири ҳәм дөретиўшилигине қызығып изленип көргенимизде, оның хаялы, перзентлери ҳәм шакирти хаққында мағлыўмат табыў бахтына мияссар болдық. Оны төмендегише бөлискимиз келип отыр…

Изимбет Тахтакөпирли Әўез ийшанның қызы Сарыгүл деген қыз бенен шаңарақ тиклейди. Олардан ул перзент болмайды, бирақ та төрт қыз перзенти болған. Олар Узайда, Убайда, Жаңыл ҳәм Мерихан деген қызлары болып, Изимбет жыраўдың қобызы ҳәзирги ўақытта төртинши қызы Мериханның 1955-жылы туўылған улкен баласы Ешнияздың үйинде жүда жақсы ҳалында сақланып турыпты. Ешнияз ҳәзир-де Шымбай районы Тазғара аўыл пухаралар жыйыны (3-аўыл) да жасайды. [1] Биз, бул 100 жылға шамалас турған қобызды барып көргенимизде қобыздың дүзилиси бурынғы ескише исленгенлиги, ағашы болса жийде ағашынан алынған болып, жыллар даўамында тәбийий қарайғанлығын, териси де бурынғы жол менен яғный кәсаның артқы тәрепине шеге менен емес, сол териниң өзи менен баўланып байланғанлығын көриўге болады.

Бирақ кейин ала қобызға лак пенен боялып безеў берилген екен. Өкинишли тәрепи биз бул қобыздың даўысын тыңлап көре алмадық, себеби қобыздың бир тары бар да, ал бир тары үзилип қалған ҳәм тийеги да жоқ екен. Даўысын еситпесекте бир әсирге шамалас ўақыт сақланған қарақалпағымның бундай қара ғобызын усы күнге шекем көздиң қарашығындай сақлап келген пидайы әўладқа тәсийин қалып, шексиз рахмет айтыўдан басқа сөз жоқ.

Изимбет жыраўдың екинши қызы Убайда кемпир ақлықларын аўытып отырып әкеси Изимбет жыраўдан еситкен нама, қосықларын ыңылдап айтып жүретуғын болған, сонда баласы Сапарнияз *«апа мына ыңылдап жүрген намаларыңыз бизлердиң да қулағымызға сиңип қалдыго»* дегенинде *«Ҳаў балам, мен Изимбет жыраўдың қызыманго, мениң де ақлықларым ишинен бақсы я жыраў шықса әжеп емес»* [2] деген сөзлерин жаслығында кемпир апасынан еситкенлигин бақсы Мақсет Аекеев еске түсиреди.

Жәнe де, Мақсет аға апасы Убайда кемпирден Изимбет жыраўдың устазы ким болған деп сораў бергенинде *«әкем Изимбеттиң Нубалулла жыраў деген устазы болған екен, соннан тәлим алған, оны өзи айтып отыратуғын еди»* [3] деп айтқан екен. Лекин, Қаллы Айымбетовтың 1968-жылғы «Халық даналығы» китабының 74-бети ҳәм 1988-жылы қайта басып шығарылған «Халық даналығы» китабының 70-бетинде келтирилген Қарақалпақ жыраўларының генеалогия-шежире кестесинде Изимбет жыраў Абдирасуўли (Кәл бала) жыраўдың шәкирти қатарында келтирилген.

1957-жыл Хожамберген Рамбергенов Есемурат жыраўдан Алпамыс дәстанын жазып алған ўақтында, оның әкеси Нурабулла жыраўдың шәкиртлери хаққында да жазып алған қолжазбасы бар болып, сол қол жазбаның өзинде де Изимбет жыраўды Нурабулла жыраўдың шәкиртлери қатарында жоқ екенлигин көриўге болады. [4]

Жәнe бир дерек, Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәдeнияτ институты Нөкис филиалы оқытыўшысы Зийўар Асқарованың «Сазларына Сырлас сәзенди» атлы монографиясында Изимбет жыраўдың устазы Абдирасуўли (Кәл бала) деген мағлыўмат берилген, ал Асқар жыраў Бекеевти болса Изимбет жыраўдың шәкирти деп келтирип өткенлигин көриўимизге болады. [5.11-12]

Абдирасуўли (Кәл бала) ниң устазы атақлы Нурабулла жыраў болып есапланады. Демек, Изимбет жыраў дәслеп Нурабулла жыраўдан тәлим алған яки пәтия алған, кейин ала болса Нурабулланың ең айтқыш, атақлы ҳәм исенимли шәкиртлериниң бири болған Абдирасуўли (Кәл бала) жыраўдан қобыз намаларын, жыраў жолларын үйренген болыўы мүмкин деп шамалаймыз…

Жуўмақлап айтқанда, Изимбет жыраў Пиралиев Қарақалпақ жыраўлық өнериниң бүгинги күнге шекем жетип келиўине, шәкирт таярлаў сыяқлы шынжырма-шынжыр киятырған дәстүрине, дәстанларымыздың раўажланыўына және де байыўына өзиниң жолы ҳәм өзине тән өзгешелиги менен үлесин қосқан уллы жыраўлардың бири деп мақтаныш пенен айта аламыз.


– 2 –

1 – АБДИРАСУЛИ. /Абдир – Кальбала/ Каракалпак
2 – Бекимбет Казаков. / хитай / "
3 – Ерполат. / Хитай кефе / "
4 – Куат / ашамайлы ушьбао / "
5 – Дошнияз. / " " " "
6 – Бегжан. "
7 – Сейтмурат. / арапшы кенегес / "
8– Алламурат / кирык / "
9 – Сапар. / баймаклы / / Караозек / "
10 – Сапар. / кийоык / / Колдаулы / "
11 – Бердак. / кандекли /кийикши/ "
12 – Отебай. / саят / Озбек
13 – Маткурбан. / бир кулак / Озбек
14 – Курбанбай. / Тортkулли / Озбек
15 – Жаксымурат. /апаланг / Жангабазар болиси Каракалпак
16 – Жанназар / Конгратлы/ Казак
17 – Куламет уббиев / ашамайлы / Каракалпак

Калган жетоуи онгли жырау болмаган кобисининг атлари да малим емес.

## Пайдаланылған әдебиятлар ҳәм дереклер


1. С.Аяпов дала жазыўлары 2025-жыл Нөкис қаласы.
2. Хожамбергенов Рамбергенниң дала жазыўлары 1957-ж. Қоңырат районы.
3. З.Асқарова «Сазларыңа сырлас сәзенде» Нөкис 2023-ж. 11-12-бб
4. Қ.Айымбетов «Халық даналығы» Нөкис: «Қарақалпақстан», 1968-ж. 74-бет.